# VI. КИШИ ИСБИЛЕРМЕНЛИК (БИЗНЕС)

2019 жылдың 1 январь жағдайына дизимге алынған жәми киши исбилерменлик (бизнес) субъектлериниң саны 12364 ни қурады.

2018-жыл январь-декабрьда жалпы аймақлық өнимниң 54,3 пайызы (2017-жыл январь-декабрьда 55,8 пайыз) киши бизнес субъектлери тәрепинен ислеп шығарылды.

- санаат өнимлери ислеп шығарыў көлеми 1971,9 млрд. сўмды (жәми санаат ислеп шығарыўдың 18,7 пайызы) ямаса 2017-жылдың январь-декабрына салыстырғанда өсим пәти 19,0 пайызға артқан;

- 6621,3 млрд.сўмлық аўыл, тоғай ҳәм балық хожалықларының ислеп шығарылған (көрсетилген хызметлер) қурап, өсим пәти 1,3 пайызды (аўыл, тоғай ҳәм балық хожалықлары жалпы өниминиң 99,1 пайызы) қурады;

- 1312,9 млрд. сўмлық инвестициялар (улыўма инвестициялар көлеминиң 21,7 пайызы) өзлестирилди ҳәм 2017-жылдың январь-декабрына салыстырғанда 16,6 пайызға кобейди;

- 1549,8 млрд.сўмлық қурылыс жумыслары (улыўма қурылыс жумыслары көлеминиң 84,6 пайызы) орынланды ҳәм 2017-жылдың январь-декабрына салыстырғанда 1,4 пайызға асты;

- автомобиль транспорты жүк айланбасының 4,4 пайызға (республика жәми автомобиль транспорты жүк айланбасының 90,3 пайызы), жолаўшы айланбасының болса 3,0 пайызға (улыўма жолаўшы айланбасының 97,1 пайызы) көбейиўи тәмийинленди;

- усақлап сатыў товар айланбасы улыўма көлеминиң 82,9 пайызы ямаса 3678,8 млрд. сўмы (өсим пәти 3,4 пайыз) ҳәм хызметлер улыўма көлеминиң тийисли түрде 57,5 пайызы ямаса 2565,3 млрд.сўмы (өсим 6,8 пайыз) қәлиплестирилди;

- 45,0 млн. АҚШ доллары (улыўма экспорт көлеминиң 9,9 пайызы) муғдарында өнимлер (товар ҳәм хызметлер) экспорт қылынды, 169,1 млн. АҚШ доллары (улыўма импорт көлеминиң 60,3 пайызы) көлеминде өнимлер (товар ҳәм хызметлер) импорт қылынды.

**2018-жылдың январь-декабринде киши исбилерменлик субъектлери өними (жумыслар, хызметлер) улыўма көлеминдеги жеке исбилерменликтиң (пуқаралар мүлики) үлеси**

| | *Киши исбилерменлик субъектлери өними (жумыслар, хызметлер) көлеми, млрд.сўм* | *Киши исбилерменлик субъектлери өними (жумыслар, хызметлер) көлеминде жеке сектор үлеси, % есабында* |
|---|---|---|
| Аўыл, тоғай ҳәм балық хожалығы | 6621,3 | 99,1 |
| Санаат | 1971,9 | 18,7 |
| Қурылыс | 1549,8 | 84,6 |
| Усақлап сатыў | 3942,9 | 88,8 |
| Жүк тасыў, *млнтн.* | 21,5 | 90,3 |
| Жолаўшы тасыў, *млн.адам* | 125,2 | 96,1 |
| Экспорт, *млн. АҚШ долл.* | 45,0 | 9,9 |
| Импорт, *млн. АҚШ долл.* | 169,1 | 60,3 |

**Жалпы аймақлық өним ҳәм экономика тараўлары өними (жумыслар, хызметлер) улыўма көлеминде киши исбилерменлик (бизнес) үлесиниң өзгериўи**

*(улыўма көлемге салыстырғанда пайыз есабында)*



2018-жыл январь-декабрь айларында 2177 киши кәрхана ҳәм микрофирмалар (дийхан ҳәм фермер хожалықларынан тысқары) мәмлекетлик дизимнен өткреилген болып, бул өткен жылдың усы дәўирине салыстырғанда (1648) 32,4 пайызға өсти.

Ең көп киши кәрхана ҳәм микрофирмалар санаат тараўында (барлық дизимге алынғанлардың 23,0 %), саўда (20,7%), қурылыс (19,3%), аўыл, тоғай ҳәм балық хожалығы (15,8%), жасаў ҳәм аўқатланыў бойынша хызметлер (6,7%) ҳәмде тасыў ҳәм сақлаў (3,9%) экономикалық хызмет түрлери бойынша дизимнен өткерилген.

**2018-жыл январь-декабрь айларында жаңа шөлкемлестирилген киши кәрхана ҳәм микрофирмалардың экономикалық хызмет түрлери бойынша үлеси**

*(дийхан ҳәм фермер хожалықларсыз, жәмине салыстырғанда пайыз есабында)*



## 2018-жыл январь-декабрь айларында қала ҳәм районлар бойынша киши исбилерменлик (бизнес)те санаат өнимин ислеп шығарыў көлеми ҳәм өсим пәтлери




## 2018-жыл январь-декабрь айларында қала ҳәм районлар бойынша киши исбилерменлик (бизнес)те усақлап сатыў товар айланбасы көлеми ҳәм өсим пәтлери




Киши исбилерменлик (бизнес) субъектлери тәрепинен усақлап сатыў товар айланбасы көлеминде Нөкис қаласы (1870,0 млрд. сўм), Беруний (404,1 млрд. сўм) ҳәм Хожели (371,9 млрд. сўм) районлары алдыңғы қатарларда келмекте.

## 2018-жыл январь-декабрь айларында қала ҳәм районлар бойынша киши исбилерменлик (бизнес)те хызмет көрсетиў көлеми ҳәм өсим пәтлери




2018-жылдың январь-декабрь айларында республика жалпы аймақлық өнимниң көлеми киши исбилерменлик (бизнес) субъектлариниң үлеси 54,3 пайызды пайда етип, 2017-жылдың усы дәўирине (55,8) салыстырғанда 1,5 пайызлы пунктке кемейди.

Жалпы аймақлық өним қурамында киши исбилерменлик субъектлери үлесиниң кемейиўи республикада ири ислеп шығарыў қуўатларының иске түскенлиги менен байланыслы.

Санаат ислеп шығарыў тараўының ең жоқары үлеси Шоманай (жәми ислеп шығарыў көлемине салыстырғанда үлеси 100,0%), Қараөзек (99,9%), Тахтакөпир (99,9%), Нөкис (99,9) ҳәм Шымбай (91,9%) районларына туўры келеди.

Хызметлер тараўында район бойынша жәми хызмет көрсетиў көлеминде киши исбилерменликтиң жоқары үлеслери Шоманай (жәми хызметлер көлемине салыстырғанда үлеси 98,3%), Қараөзек (98,2%), Нөкис (97,6%), Тахтакөпир (97,4%), Кегейли (97,2%), Беруний (96,9%) ҳәм Әмиўдәрья (96,0%) районларына туўры келди.

Қурылыста Тахтакөпир, Шымбай, Төрткүл, Шоманай, Нөкис ҳәм Қараөзек районлары бойынша киши исбилерменлик субъектлери тәрепинен орынланған жумыслар көлеми қурылыс ислери улыўма көлемине салыстырғанда 100 пайызды қурайды.

**2018жыл IV шерек ушын экономикалық жағдайын баҳалаў,**
*пайыз есабында*




Мәмлекетлик статистика жумысларын ислеп шығарыў дәстүрине тийкарынан 2018-жыл IV шерек жуўмақларына көре экономикалық хызмет түрлери бойынша жаңадан шөлкемлестирилген микрофирма ҳәм киши кәрханаларда таңлаў жолы менен үйрениўлер өткерилди.

Үйрениў мағлыўматлары анализи, респондентлердиң 31,1 пайызы экономик жағдайды қолай, 67,2 пайызды қанаатландырарлы ҳәм 1,6 пайызы қанаатландырарсыз деп баҳаланды.

**Экономик жағдайдағы өзгерислердиң жақын 3 айда баҳаланыўы**




Анализ нәтийжелеринен келип шығып, жаңадан шөлкемлестирилген киши кәрхана ҳәм микрофирмаларға бизнес орталығын жақсылаў ушын көрилип атырған ис-илажлар нәтийжесинде респондентлер жақын келешекте улыўма экономик жағдайдың жақсыланыўы жақсы баҳаланғанлығына жуўмақ етиў мүмкин.